# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Республикалық 10-санлы қәнигелестирилген мектеп-интернатына газ тармақларын жаңадан тартыў ушын қаржы ажыратыў илажлары ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 16-январьдағы 230-санлы Президумын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўы тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 16-январьдағы 230-санлы Президумы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (М.Садиков) Республикалық 10-санлы қәнигелестирилген мектеп-интернатына газ тармақларын жаңадан тартыў ушын зәрүр болған 235 168 000 (еки жүз отыз бес миллион бир жүз алпыс бес мың) сўм қаржыны Қарақалпақстан Республикасы бюджетиниң 2021-жыл 1-январь жағдайына пайда болған еркин қалдық бөлеги есабынан Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң бирден-бир буйыртпашы хызмети «Инжиниринг компаниясы»на тийисли тәртипте ажыратылғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. «Халық билимлендириў мәкемелерин қурыў, оңлаў ҳәм үскенелеў, имарат ҳәм қурылмалардан пайдаланыўды муўапықластырыў, мәмлекет-жеке шерикшилик» бөлими (И.Балтабаев) Республикалық 10-санлы қәнигелестирилген мектеп-интернаты (А.Бегжанов) менен биргеликте газ тармақларын жаңадан тартыў ушын ажыратылған қаржылардың белгиленген тәртипте мақсетли жумсалыўын тәмийинлеў;

қурылыс-оңлаў жумысларын алып барыў ўақтында мектеп-интернатындағы оқыўшылар, оқытыўшылар ҳәм жумысшы хызметкерлердиң қәўипсизлигин тәмийинлеў мақсетинде зәрүрий шараларын көриў;

жойбар-смета тийкарында қурылыс-оңлаў жумысларының барысын қадағалаўға алыў ҳәм орынланыўы бойынша министрликке мағлыўмат киритип барыў ўазыйпасы жүклетилсин.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ў.а И.Балтабаевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «20» - январь
19 - санлы

**ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ПРЕЗИДИУМЫНЫҢ ҚАРАРЫ**

**ЖУҚОРҒИ КЕНГЕСИ ПРЕЗИДИУМИНИНГ ҚАРОРИ**

**Республикалық 10-санлы кәнигелестирилген мектеп-интернатына газ тармақларын жаңадан тартыў ушын қаржы ажыратыў илажлары ҳаққында**

Майыплығы болған балалардың сапалы тәлим-тәрбия алыўы ҳәм оларға қолайлы шараятлар жаратыў мақсетинде Өзбекстан Республикасы Бюджет кодексиниң 126-статьясының 5-бөлимине ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 15-статьясының 19-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Президиумы

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы Республикалық 10-санлы кәнигелестирилген мектеп-интернатына газ тармақларын жаңадан тартыў ушын қаржы ажыратыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң, Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң усыныслары мақуллансын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (М.Содиқов) Республикалық 10-санлы кәнигелестирилген мектеп-интернатына газ тармақларын жаңадан тартыў ушын зәрүр болған 235 168 000 (еки жүз отыз бес миллион бир жүз алпыс бес мың) сўм қаржыны Қарақалпақстан Республикасы бюджетиниң 2021-жылдың 1-январь жағдайына пайда болған еркин қалдық бөлеги есабынан Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң бирден-бир буйыртпашы хызмети «Инжиниринг компаниясы»на тийисли тәртипте ажыратсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси (Қ.Сариев) Халық билимлендириў министрлиги (Р.Реймов) менен биргеликте Республикалық 10-санлы кәнигелестирилген мектеп-интернатына газ тармақларын жаңадан тартыў ушын ажыратылған қаржылардың белгиленген тәртипте мақсетли жумсалыўын тәмийинлесин.

4. Қарақалпақстан Республикасы Финанслық қадағалаў басқармасына (А.Казакбаев) усы қарар тийкарында ажыратылған қаржылардың мақсетли жумсалыўын қадағалаў тапсырылсын.

газеттеги сессиясында тастыйықлаў ушын усыныс етилсин.

6. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Социаллық-мәдений раўажланыў ҳәм жәмийетлик бирлеспелер мәселелери комитети баслығы Д.Курбаниязовқа жүкленсин.

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы — М.Камалов

ULUWMA BO'LIM / UMUMIY BO'LIM

Нөкис қаласы, 16-январь 2021-жыл
№ 230

QR XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
KIRIS № 7
«18» 01 2021 JIL